

Eksplikasyon sou medikaman sou preskripsyon



Kisa yon medikaman sou preskripsyon ye?

Ozetazini, medikaman sa yo se medikaman ke sèten pwofesyonèl medikal lisansye preskri:

- Doktè
- Enfimyè espesyalize
- Asistan medsen
- Dantis

Èske mwen ka jwenn etikèt preskripsyon an nan lang natifnatal mwen?

- Mande famasyen w lan si yo ka enprime etikèt la ak fèy enfòmasyon sou medikaman an nan lang natifnatal ou.
- Mande pou yo ba w enfòmasyon an ekri nan karaktè ki pi laj, si li nesèsè.

Kisa otokolan ki sou boutèy preskripsyon yo ye?

Yo ba w plis enfòmasyon, tankou:

- Enstriksyon sou kijan pou pran medikaman an
- Avètisman sou efè segondè
- Kouman pou konsève medikaman an
- Enteraksyon ki posib

Ki enfòmasyon ki sou etikèt medikaman sou preskripsyon an?

- Non w ak adrès ou
- Non doktè w la
- Dat yo ranpli preskripsyon an
- Nimewo preskripsyon w lan
- Non ak puisans medikaman an
- Enstriksyon sou kijan pou pran medikaman an
- Sou ki fòm medikaman an ye (siwo, konprime, krèm)
- Non, adrès ak nimewo telefòn famasi a
- Kantite fwa ou ka renouvle preskripsyon an

Kisa pou m fè ak yon medikaman ki ekspire?

Rele Sant Kontwòl Anpwazònman (Poison Control Center) an pou enstriksyon byen presi sou sa.

**Rele Sant Konwtòl Anpwazònman Vil Nouyòk
(New York City Poison Control Center) la nan 1-800-222-1222
nenpòt ki lè pou poze kesyon sou medikaman w yo.**

Sant Kontwòl Anpwazònman Vil Nouyòk




**Sant Kontwòl Anpwazònman nan Vil Nouyòk lan
la pou l ede w avèk sekirite medikaman yo.**

Rele nou nenpòt ki lè nan 1-800-222-1222

oswa nan 212-POISONS (212-764-7667)

Ale sou sit entènèt nou an nan nyc.gov/health

- Sant Kontwòl Anpwazònman w lan disponib 24è sou 24, 7 jou pa semenn.
- Famasyen ak enfimyè ki sètifye nan enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e konfidansyèl.
- Nou ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou yo ba w bwochi gratis, otokolan pou mete sou telefòn ak leman.



Lè l sèvi avèk Smartphone
ou telechaje yon QR Reader
aplikasyon gratis yo resevwa
plis enfòmasyon.